



Pou Piblikasyon Imedya: 22/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS PASE NÈF MILYON NAN FINANSMAN POU SIPÒTE LIVREZON SÈVIS PREVANSYON KONT ADIKSYON POU JÈN, FANMI AK KOMINOTE ATRAVÈ ETA NEW YORK**

***9.5 milyon dola disponib pou founisè yo devlope epi modènize pratik prevansyon ki baze sou prèv yo***

Gouvènè Hochul te anonse jodi a disponiblite 9.5 milyon dola pou devlope pratik ki baze sou prèv pou sèvis prevansyon twoub toksikomani pou jèn, fanmi, ak kominote yo nan Eta New York. Sibvansyon jeneral pou Prevansyon ak Tretman Toksikomani siplemantè federal sa ap ede sipòte founisè ke pandemi COVID-19 la te afekte livrezon sèvis yo. Se Biwo Eta New York pou Sèvis ak Sipò pou Adiksyon an (Office of Addiction Services and Supports, OASAS) ki administre finansman an.

"Estrès kontini ak ensètitud pandemi COVID-19 la te rann toksikomani ak ovèdòz ogmante nan eta a, epi nou dwe fè tout sa nou kapab pou asire ke Nouyòkè yo kapab gen aksè nan tretman, sipò ak resous yo bezwen," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Finansman sa p ap sèlman pèmèt founisè ak kominote yo kontinye travay enpòtan yo pou prevni adiksyon, men fè pati angajman kontini administrasyon mwen an pou fè pwomosyon epi pwoteje sante tout Nouyòkè."

Pandan tout pandemi COVID-19 la, OASAS te rekonèt valè ak nesesite sèvis prevansyon, espesyalman pou jèn, fanmi, jèn adilt ak kominote yo. Menm jan ak anpil sèvis sipò, domèn prevansyon an te oblije detounen nan pratik prevansyon an pèsòn pou yon modèl vityèl, oswa itilize lòt chwa kote. Sa te rann gran majorite founisè prevansyon yo chanje sèvis prevansyon yo an livrezon a distans.

Finansman federal sa ap bay pi plis aksè nan estrateji prevansyon nan kominote atravè eta a, epi l ap pèmèt founisè yo kontinye sipòte alafwa livrezon nouvo sèvis prevansyon atravè finansman start-up, ak livrezon kontini sèvis ki egziste yo atravè pwogram ki ajou. Founisè yo ka itilize finansman sa tou pou mete sistèm enfòmasyon yo ajou, tankou materyèl ak lojisyèl ki amelyore, ansanm ak platfòm videyokonferans pou abònman.

Sa se premye RFA pou sipòte enfrastrikti prevansyon k ap devlope a an yon sèvis konplè pou jèn, fanmi, ak kominote yo. Founisè ki kalifye yo ka aplike pou jiska 70,000 dola finansman lè yo vizite <https://oasas.ny.gov/request-applications>.

**Prezidan Komite Sena sou Alkòl ak Toksikomani, Senatè Pete Harckham, te deklare,** "Founisè sèvis ak pwogram prevansyon Twoup Toksikomani atravè New York ap benefisye anpil de nouvo finansman an—epi jis alè. Pandemi Covid-19 la te konplike anpil travay founisè yo jis lè rezidan yo te bezwen èd pi plis la, epi plis resous ap ranfòse lòt chwa pwogram an pèsòn ki nesèsè yo. Mwen apresye angajman solid Gouvènè Hochul pou garanti sante tout Nouyòkè epi rann fon sa yo disponib pou prevansyon adiksyon."

**Prezidan Komite Asanble sou Alkolis ak Toksikomani, Manm Sena a Phil Steck, te deklare,** "Mèsi, yon fwa ankò a Gouvènè Hochul pou lidèchip li nan distribisyon finansman an pou sèvis ke anpil Nouyòkè ak fanmi bezwen pou vanse pou kontre adiksyon ak sante mantal yo. Efè COVID la sou jèn ak jèn adilt nou yo ap genyen enpak ki dirab nan kominote nou yo epi pwogram sa yo enpòtan pou fè yon chanjman pozitif."

Pandan plizyè ane ki pase yo, OASAS te mete sou pye yon apwòch agresif ki gen plizyè branch pou rezoud fleyo opyoyid la, epi li te kreye yon seri swen kontini kont depandans ak sèvis konplè nan prevansyon, tretman ak retablisman. Pou konbat epidemi sa a, eta a te travay pou agrandi aksè a sèvis tradisyonèl yo, ki genyen ladan yo pwogram sèvis kriz, pasyan ki entènè, pasyan ekstèn, ak pwogram tretman rezidansyèl, ansanm ak sèvis tretman alèd medikaman, ak tretman mobil ak sèvis transpò.

Gouvènè Hochul te yon manm Gwoup Travay sou Ewoyin ak Opyoyid nan Eta New York (NYS Heroin and Opioid Task Force) la ki, an 2016, te rekòmande nouvo sèvis ki pa tradisyonèl, ki genyen ladan yo sant retablisman yo, klèb lojman pou jèn yo, agrandi sèvis konpayon yo, ak sant aksè lib yo, k ap bay evalyasyon ak referans pou swen imedya. Depi lè sa, yo te etabli sèvis sa yo nan divès kominote ozalantou Eta a, epi yo te ede moun ki nan bezwen yo jwenn aksè a swen ki pi pre kote y ap viv la.

Nouyòkè yo ki gen difikilte avèk yon adiksyon, oswa yon pwòch ki gen difikilte, ka jwenn èd ak lespwa lè yo rele liy telefòn gratis Eta a, HOPEline 24 èdtan, 7 jou pa semèn nan 1-877-8-HOPENY (1-877-846-7369) oswa lè ou voye tèks HOPENY (Kòd Kout 467369).

Tretman pou adiksyon ki disponib yo gen ladan swen pou kriz/dezentoksikasyon, swen malad ki entènè yo, swen rezidansyèl, oswa swen pou pasyan ekstèn, lè ou itilize Tablodò Disponibilite Tretman OASAS NYS la nan [FindAddictionTreatment.ny.gov](https://www.oasas.ny.gov) oswa atravè [sitwèb OASAS NYS la](https://www.oasas.ny.gov).

Si oumenm, oswa yon pwòch ou, te eksperimente obstak nan asirans ki gen rapò ak tretman oswa bezwen pou ede depoze yon apèl pou yon reklamasyon yo te refize, kontakte liy èd CHAMP an pa telefòn nan 888-614-5400 oswa pa imèl nan [ombuds@oasas.ny.gov](mailto:ombuds@oasas.ny.gov)

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418